



# Asistans IRS pou Katastwòf

## Zòn Katastwòf Federal Deklare

Si ou abite nan yon eta oswa yon teritwa ki te afekte pa yon katastwòf, dapre Lwa Robert T. Stafford la, Prezidan an te deklare yon katastwòf federal pou zòn ou an. Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA) te pibliye yon deklarasyon katastwòf ki idantifye zòn pou asistans yo.

Si adrès nan dosye IRS ou an ajou epi ou sitiye nan zòn yo deklare zòn katastwòf la, IRS la te akòde ou alèjman fiskal pou katastwòf otomatikman. Vizite [www.irs.gov](http://www.irs.gov) epi chèche **Nouvèl IRS ki Soti nan Tout Nasyon (an anglè)** an pou wè nouvell lage ki detaye alèjman fiskal pou katastwòf ki disponib nan zòn ou an. Alèjman an gen ladan l ranvwa pou deklare ak dat limit pèman pou kontribyab ki kalifye yo epi li baze sou evalyasyon dega FEMA a fè. Pou dispozisyon sou asistans fiskal aktyèl yo pou kontribyab ki afekte pa katastwòf yo, chèche **Alèjman Fiskal nan Sitiyasyon Katastwòf yo**.

Si ou gen lòt kesyon sou asistans pou katastwòf, kontribyab yo ki abite oswa ki gen yon biznis ki andeyò zòn yo deklare zòn katastwòf la ta dwe rele Liy Asistans IRS la nan 866-562-5227 pou pale ak yon reprezantan IRS.

### Asistans ak Resous nan ka Katastwòf

- Chèche "Katastwòf" sou [www.irs.gov](http://www.irs.gov)
- Rele Liy Asistans IRS la pou Katastwòf nan 1-866-562-5227
- Fè demann relve fiskal IRS anliy nan [www.irs.gov/individuals/get-transcript](http://www.irs.gov/individuals/get-transcript)
- Jwenn Èd Fiskal Gratis Lè l sèvi avèk aparèy mobil ou avèk **aplikasyon telefòn mobil IRS2Go** a
- Pou wè pwodwi fiskal yo sou tablèt ou oswa sou aparèy mobil ou, itilize **aplikasyon eBooks IRS (an anglè)** la
- Pou pwoblèm fiskal ki pa rezoud yo, rele Sèvis Defansè Kontribyab la (TAS) nan 1-877-777-4778
- Vizite sitwèb Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan nan [www.fema.gov](http://www.fema.gov) (an anglè)
- Vizite sitwèb Asistans Federal pou Katastwòf la nan [www.disasterassistance.gov](http://www.disasterassistance.gov) (an anglè)
- Vizite sitwèb Administrasyon pou Ti Antrepriz lan nan [www.sba.gov](http://www.sba.gov) (an anglè) pou enfòmasyon sou prè a ti to yo bay lè gen katastwòf

### Alèjman pou Enterè ak Penalite

Pandan peryòd pwolonjman apre yon katastwòf ki deklare federalman, IRS la anile enterè ak penalite sou enpo yo dwe yo. Sa vle di ou gen tan adisyonèl pou w ranpli yon demann pou yon kredi oswa ranbousman sou deklarasyon amande w la, epi IRS la ka redwi montan enterè ou dwe sou kèk enpo. IRS la ap pibliye yon kominike ki endike zòn ki afekte yo, epi l ap bay dat kòmansman ak fen peryòd alèjman an. Pou plis enfòmasyon konsènan penalite ak enterè yo, ale nan [www.irs.gov/Penalties](http://www.irs.gov/Penalties) ak [www.irs.gov/Interest](http://www.irs.gov/Interest).

### Fòm ak Piblikasyon yo

- **Fòm 4506 (an anglè)**, Demann pou yon Kopi Deklarasyon Enpo, oswa **Fòm 4506-T (an anglè)** Demann pou yon Relve Deklarasyon Enpo.
- **Fòm 1040-X Deklarasyon Enpo sou revni Ameriken amande ak Enstriksyon Fòm 1040-X (an anglè)**.
- **Piblikasyon 547 (an anglè)** eksplike kijan pou trete aksidan yo, vòl yo, ak pèt sou depo ak kijan pou kalkile benefis oswa pè lat, trete ranbousman yo ak kouman pou rapòte yo.
- **Piblikasyon 584 (an anglè)** pale sou, katastwòf, aksidan vòl ak pèt ki pa an rapò ak biznis.
- **Piblikasyon 584-B (an anglè)** se yon kaye sou pèt nan biznis akòz aksidan, katastwòf, ak vòl.

Ale nan [www.irs.gov](http://www.irs.gov) oswa eskane kòd QR la pou jwenn plis enfòmasyon sou katastwòf ak pou telechaje fòm ak piblikasyon IRS yo.

